

WE ARE YOUR DOL



Department  
of Labor

## CHÈCHE TRAVAY

Lè w chèche travay jan nou mande sa a, sa ap ede w retounen travay kou sa posib. Chak semèn, ou dwe montre w gen volonte e w ap fè efò pou w jwenn travay ki koresponn ak konpetans ou e w ap fè sa lè w fè omwen 3 rechèch travay ki reponn ak kritè yo (sof si nou te di w ou pa bezwen ranpli kondisyon sa a).

### MEN SA W DWE FÈ CHAK SEMÈN:

#### FÈ OMWEN 3 RECHÈCH NOUVO TRAVAY

Men kèk egzanp rechèch travay ki reponn ak kritè yo:

- Aplike pou travay sou entènèt sou Sant Karyè **Vityèl la ki se [dol.ny.gov/virtual-career-center](https://dol.ny.gov/virtual-career-center)**, sou Monster, LinkedIn, Glassdoor, oswa lòt platfòm sou entènèt.
- Kontakte yon konpayi ki ka anboche w an pèsòn oswa nan telefòn.
- Ale nan aktivite kote y ap prezante travay, y ap aboche moun, aktivite pou moun fè kontak, oswa yon evènman sant karyè.
- Patisipe nan yon atelye Sant Karyè Ministè Travay Eta Nouyòk òganize.
- Fè oswa mete CV w ajou sou JobZone sou [jobzone.labor.ny.gov](https://jobzone.labor.ny.gov).

Ale sou [on.ny.gov/wsr](https://on.ny.gov/wsr) pou w jwenn yon lis ki gen lòt rechèch travay ki reponn ak kritè yo.

#### ANREJISTRE OMWEN 3 NAN RECHÈCH TRAVAY OU FÈ YO

- Ou dwe anrejistre rechèch travay ou fè yo sou Job Zone, papye, oswa sou aparèy eletwonik, anvan minui nan Samdi anvan aktivite nan semèn nan, Dimanch jiska Samdi.
- Konsève oswa mete nenpòt dokiman prèv (se ka imel konfimasyon, lèt yo voye ba w pou yo di w yo resevwa aplikasyon w la, elt.)
- Mete dat ou te fè kontak la; non ak adrès konpayi a; nimewo telefòn, imel, sit entènèt, oswa moun ou te kontakte a; travay li fè; fason w te kontakte li; ak rezilta sa te bay.

#### POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON, ALE SOU:

[dol.ny.gov/wrsinformation](https://dol.ny.gov/wrsinformation)

#### PREPARE W POU YON VERIFIKASYON!

Ou ka anpeche yo kanpe pwosesis pou w jwenn lajan Asirans Chomaj (UI) w la oswa anpeche yo fè w remèt kòb la si w mete tout rechèch travay ou te fè yo nèt.



Gade Gid Ki Bay Esplikasyon Sou Fason  
Nou Trete Reklamasyon Pou Asirans Chomaj yo